# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫНДА СУЎ МӘСЕЛЕЛЕРИНИҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Абсетерова У.К.**
*Қарақалпақстан Республикасы*

Қарақалпақ фольклоры халқымыздың бай руўхый байлығы болып табылады. Онда әсирлерден-әсирлерге өтип киятырған даналық сөзлер кеңнен орын алғанлығын көремиз. Бул арқалы ертеңги күнимиздиң ийеси болған жасларды әдеп-икрамлылыққа, туўылған жерге сүйиспеншилик, мийнет сүйиўшиликке, ата-анаға мийрим-шәпәәтлилик руўхында тәрбиялап барамыз. Келешек әўладғаөтмиштен киятырған мийрасларды, аўыз-еки әдебиятымызды үйретиў арқалы оларды мийнет етиўшиликке, ата-бабаларымыздың мың жыллық қәдириятларының қәдирине жетиў сықлы адамгершилик сезимлерин қәлиплестиремиз. Халық даналығында “Дәрья суўын бәҳәр тастырады, адам қәдирин мийнет асырады” деген сөз бар. Жәмийеттиң раўажланыўы, инсаныяттың келешеги ушын мийнет етиў ҳәр бир инсанның әдиўли миннети болып есапланады. Булардың барлығы халқымыз мәдениятының алтын фонды, қала берсе қарақалпақ халқының ғана емес, ал пүткил адамзаттың мийрасы.

Бай мәдений мийраслардың үйренилиўи, қорғалыўы ҳәм әўладтан-әўладқа жеткерилиўи ҳәр бир жетик инсанның ҳәр тәреплеме руўхый ҳәм мәдений жақтан байыўына, пүткил жәмийетимиздиң раўажланыўына тәсир жасайды. Сонлықтан бүгинги күнниң әҳмийетли ўазыйпалары қатарында халқымыздың бай мәдений мийрасларын үйрениў, сақлаў ҳәм оларды халық ийгилиги ушын пайдаланыў әҳмийетли мәселе болып есапланады. Солардың қатарында аўыз-еки әдебиятымыздың мийрасларын үйрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў, оларды жаслар санасына сиңдириў әҳмийетли ўазыйпа.

Ғәрезсизлик жылларында тарийхый, мәдений мийрасларымыз қайта тикленип, ата-бабаларымыз тәрепинен жаратылған руўхый байлықларымызды сақлаўға айрықша итибар қаратылмақта. Буған мысал ретинде 2008-жылы 27-28-ноябрьде Нөкисте өткерилген «Орайлық Азия халықларының миллий фольклоры ҳәм жәмийетти руўхый жаңалаўдың машқалалары» атамасындағы халықаралық илимий конференцияда қарақалпақ халқының бай мәдений мийраслары дүнья халықлары ушын қүдиретли руўхый азық болып хызмет етип киятырғанлығы көплеген еллердиң изертлеўшилери тәрепинен тән алынды ҳәм бүгинги қарақалпақ әдебиятын түркий халықлар дүньясына таныттты. Және бир әҳмийетли мәселе, жасларымызды инсаныйлыққа, әдеп-икрамлылыққа, батырлыққа, ана-Ўатанға садықлыққа баслайтуғын «Қарақалпақ фольклоры»ның жүз томлығына бағышланған халықаралық конференцияда халқымыз дөретиўшилиги ҳәтте сырт елли илимпазлар

тәрепинен де жоқары баҳаланды.Бул әсирлер даўамында әўладтан-әўладқа мийрас болып киятырған халық дөретиўшилигиниң, мәдениятымыз бенен әдебиятымыздың тамыры тереңде екенлигин дәлиллейди.

Президентимиз Ш.М.Мирзиёев қарақалпақ халқының бай мийрасларының инсан турмысындағы, әсиресе, жаслар ушын әҳмийетин көрсетип: "Қарақалпақ фольклоры" баспадан шығарылғаны үлкен мийнеттиң өними екенине гүман жоқ [Мирзиёев Ш., 2017. – 218]. Әсиресе, ҳәзирги ўақытта халықтың усындай даналық дөретпелерин үйрениў тек ғана әдебиятшыларымыздың ғана емес, ал тарийхшыларымыздың да алдында турған ең әҳмийетли мәселелердиң бири – қарақалпақ халық аўызеки дөретпелери, көркем әдебий шығармаларында суў мәселелериниң тарийхын тарийхый дерек сыпатында үйрениў арқалы дереклик базасын кеңейтиў болып табылады. Бул қарақалпақ халық дөретиўшилигиниң алтын мийрасын дүньяға танытыўда үлкен мүмкиншиликлер жаратып берди. Ҳәзирги ўақытта изли-изинен баспадан шыққан қарақалпақ фольклорының 100 томлық бай ғәзийнесин халыққа инам етиўди ойластырған ҳәм шөлкемлестирген ең белсендилердиң бири Сарыгүл Баҳадырова болып табылады [Баҳадырова С., 2017. – 252].

2015-жылы халқымыздың бай руўхый ғәзийнесин өзинде жәмлеген «Қарақалпақ фольклоры» китабының 100 томлығы толығы менен баспадан шығарылды. Халықлық мийрасларды кейинги әўладларға сақлап, оны илимий жақтан изертлеп, нәсиятлаў-әҳмийетин ҳеш қашан жойтпайтуғын уллы ис. Халқымыздың, миллетимиздиң узақ дәўирлик турмыс кеширмелери, үрп-әдетлери, дәстүрлери алыс-жақын қоңсылары менен биргеликтеги өз-ара тарийхый-мәдений қатнаслары, Ўатан сүйиўшилик туйғылары, адамгершилик пазыйлетлери – бәри-бәри жәмлескен ҳалда, мыңлаған жыллық жәмийетлик қатламлардың белгилерин өз мазмунларына синдирип алған, атадан балаға мийрас болып киятырған фольклорлық дөретпелеримиз ҳақыйқый миллий мақтанышымыз болып табылады [Баҳадырова С., 2015. – 3].

Филология илимлериниң докторы С.Баҳадырованың баҳалаўынша, "Қарақалпақ фольклоры" аўызеки түрде қәлиплескен халқымыздың әййемги дәўирден бери жыйнап әкелген руўхый мәдениятының, ақыл-ой, философиясының жыйынтығы. Бир нешше мың жыллық тарийхый, социаллық-жәмийетлик ўақыяларды өз ишине қамтыған теңсиз миллий байлық. Қарақалпақ фольклоры аўызеки сөз ҳәм музыка менен жаксылық, гөззаллық, адамгершиликти үйретеди, ол жаўызлыққа қарсы гүресип келди, жасларды ўатанын сүйиўге, халықлар дослығын қәдирлеўге, ҳадаллыққа тәрбиялап келди. Бул мийрасымыз тарийхтың бирнеше жүз жоллық сынақларынан өткен, ата-баба өз әўладын руўхы бай, жоқары адамгершиликли, жан-жақлама жетилискен

бәркамал инсан етип тәрбиялаўда пайдаланған тәжирийбеси [Баҳадырова С., 2015. – 19].

Буннан тысқары көплеген шет елли илимпазлар халқымыз тарийхы, мәденияты ҳәм фольклорын үйрениў ҳәм изертлеўди даўам етип атырғанлығының гуўасы боламыз. Соңғы ўақытларда кореялы, япониялы, ирақлы, кипрлы, швециялы изертлеўшилер де қарақалпақ фольклорын изертлеў, халық тарийхын үйрениўге кеўил аўдармақта. Бул өз гезегинде қарақалпақ халқының бай қәдириятларға ийе екенлигиниң, дүньяда тән алынғанлығының ҳәм тарийхының мың-мың жыллықларға ушыласатуғынлығының, миллет руўхының мәнги жасайтуғынлығынының, улығлана беретуғынлығының нышаны болып есапланады. Бул мийрасларды үйрениў ҳәр бир адамда уллы ата-бабаларымызды қәдирлеў, иззет-ҳүрметин өз орнына қойыў, олардың руўхларынан мәдет алыў сезимлерин қәлиплестиреди.

Академик С.Камаловтың жазыўынша, халықтың тарийхын жазыўда фольклордың әҳмийетин көрсетип, тарийхый ўақыя аўыздан-аўызға, әўладтан-әўладқа өтип, аңызларға, эпикалық дөретпелерге айналған, оларға тарийхый көзқарастан қатнаста болыў үлкен қызығыўшылық туўдырады, фольклор дөретпелеринде айрықша анықлық ҳәм халықтың руўхый дүньясы сәўлеленип турады деген пикирлерди береди. Этнограф Х.Есбергенов: “Фольклор дөретпелери ҳәм XVI-XVIII әсирдеги қарақалпақ тарийхының аўызеки дөретпелеринде, аңызларда, ертеклерде, қосықларда изертлеўшини туўрыдан-туўры белгили анық тарийхый ўақыялардың сәўлелениўине жолықтырып отырады”, – деп жазады.

Өтмиш тарийхымызды ҳәм оның аўызеки әдебиятын изертлеўши илимпазлардың атап көрсетиўи бойынша, халқымыздың тарийхына терең дыққат аўдарып қарасақ, барлық дәўирлерде де бизиң ата-бабаларымыз руўхый байлыққа көп кеўил бөлген. Биз материаллық байлықтан гөре руўхый байлық пенен жасап келген халықпыз. Дүньяда ҳеш ким өзгерте алмайтуғын бир тарийх бар, ол ҳәтте қылышынан қан тамып турған патшалардан да қорықпай, өз пикирин айта алады. Бул халықтың ядында сақланатуғын тарийхы. Оның сиясат пенен, дәўири менен жумысы жоқ, ол тек болғанды айтады. Ол бөрттириўи, детальларын күшейтиўи мүмкин, бирақ өз пикирин айтпай қалмайды. Аўызеки тарийхтың сақланатуғын жери – халықтың яды, аўыз әдебияты [Айымбетов Қ., 1988. – 20]. Усындай тарийхымызды ядында сақлаған қарақалпақ халқы түрли тарийхый себеплер менен өзиниң жайлаўы менен қыслаўын таслап көшип, ўатаннан, жерден, суўдан, күн-көристен айрылса да, олар өзлериниң руўхый азығы – аўызеки дөретпелерин яд етип өзи менен бирге алып жүрген [Айымбетов Қ., 1988. – 5].

Қарақалпақ халық аўызеки дөретпелериниң киши жанрлары тематикалық жақтан ҳәр қыйлы, бирақ олардың ҳәр бири өз алдына жеке мазмунлық, идеялық ўазыйпаларды сәўлелендириўге бағдарланған [Қарақалпақ фольклоры., 2015. – 4]. Усындай халық аўызеки дөретпелериниң ҳәр түрли жанрларында суў мәселелерине үлкен итибар берилген. Қарақалпақ халқының жер шәраятында дийқаншылық ушын ең аўыр ҳәм шешиўши нәрселердиң бири – суў болып табылады. Соның ушын да халқымыздың тиришилик дереги бирден-бир жер менен бирге суў ислерине байланыслы болып, тийкарғы орынды ийелейди. Мысалы, «Ана жер суў менен сақый», «Жер ғәзийне, суў гәўҳар», «Суў келди – нур келди», - сыяқлы нақыл-мақалларында суў, дийқаншылыққа байланыслы ата-бабаларымыздың әсирлер даўамында топлаған тәжирийбесиниң жыйынтығы десек туўры болады.

Сондай-ақ суў менен бирге суўғарыў кәсиби, суўғарыў системаларын тәртипке келтириў ушын қолланылған нақыл-мақалларда сол дәўирдиң шынлығы, тарийхы баянланып келеди. Мысалы, «Әкең мурап болғанша, жериң ой болсын», «Салының арқасында шигин суў ишеди» ҳәм т.б нақыл-мақалларында айрықша көзге тасланады.Бундай пикирлерди халқымыздың салт-дәстүр жырларында, толғаўларында, ертеклеринде, халық қосықларында, дәстанларында, нақыл-мақалларында, шайырларымыздың қосықларында көплеп ушыратыўға болады. Олар өтмиштеги жүз берген дәўир қыйыншылықларға қарамастан атадан-балаға өтип, өлмес мийрас ретинде бүгинги күнге шекем жасап келмекте. Бул мийраслар тек өз дәўириниң ғана емес, ал бүгинги дәўир ушында тәлим-тәрбия қуралы болып хызмет атқармақта.

Уллы шайыр Бердақ бабамыздың қосықларында хожалық жүргизиўдиң тийкары мийнет екенлигин көрсетеди. Егерде кимде ким мийнетсиз дүнья табыўға урынса, оның қылмыс ислейтуғынлығын, оның жаны отқа түскен менен барабар болатуғынлығын ескертеди.

Мийнетсиз дүнья излеме,
Жанды отқа саладурсаң…
Талап ислеп тап дүньяны,
Сүттен ақдур билсең аны.

Сонлықтан не тапсаң да, талап ислеп тап, оның өзгеше ләззети бар, тек сондай табыс ғана бойыңа тарайды деп сүўретлейди. Соның менен бирге «Балам» қосығында көплеген ақыл-нәсиятларды берип өтеди:

Маңлайыңнан ағызып тер,
Жақсы-жаманды сынап көр…
Малым бар деп асып таспа,
Биреўлер менен жарыспа.

Шайырдың усы қосық катарлары арқалы жаслардың жәмийетте өз орнын табыўға бағдар берген баҳалы пикирлерин көремиз.

Демек, халқымыздың өтмиштен баслап бүгинги күнимизге шекем жасаўы ушын суў мәселелери ең әҳмийетли мәселелердиң бири болып, буған бийпәрўа қарамаған. Бунда ҳәр қандай нақыл-мақаллар жоқары идеалылығы, турмыс пенен тығыз байланысып келеди. Ҳәттеки, ата-бабаларымыз сөз зергери сыпатында нақыл-мақал усыллары арқалы суўымызды қәстерлеп тәкирар-тәкирар баян етип келген екен, олар тиришилигимиз усылар менен байланыслы екенин билген. Соның ушын ҳәзирги күнниң талапларының бири сыпатында суў мәселелери қарақалпақ халқының нақыл-мақалларында өз сәўлелениўин тапқан.

Халқымыздың атадан балаға мийрас болып киятырған руўхый байлығын көздиң қарашығындай қәстерлеў ҳәр биримиздиң миннетли ўазыйпамыз болыўы керек. Усы арқалы бизлер ата-бабаларымыздың басып өткен жолларын, дүньяға көз-қарасларын, олардың ҳәр тәреплеме ибратлы өмир жолларын ҳәм жақсы пазыйлетлерин үйрениў арқалы ғана биз өзлеримизге ҳәм келешек әўладларға зәрүрли жол таңлаў қәбилетлерине ийе боламыз. Халық даналығында атап көрсеткениндей “Дәрья суўын бәҳәр тастырады, адам қәдирин мийнет асырады”. Жәмийеттиң раўажланыўы, инсанияттың келешеги ушын мийнет етиў – ҳәр бир инсанның әдиўли миннети болып есапланады. Сонлықтанда ҳәр бир инсан келешек жаслар тәрбиясында жуўапкерли болыў менен бирге халқымыздың неше жыллар даўамында атадан-балаға өтип киятырған нақыл-мақалларынан орынлы пайдаланып, оларды үгит-нәсиятлап барса, ғәрезсизлигимизди беккемлеп ҳәм раўажландырып барыўға, усы арқалы жасларға жол-жоба ҳәм бағдар берип барған боламыз.Президентимиздиң атап өткениндей, “дүньяда ҳеш қашан гөнермейтуғын, жоғалмайтуғын бийбаҳа бир байлық бар, ол да болса, перзентлеримизге берген билим ҳәм өнер болып есапланады [Еркин Қарақалпақстан, 2019].

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Мирзиёев Ш. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Тошкент: Ўзбекистон, 2017.

2. Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиёевтиң халықаралық ҳаял-қызлар күнине бағышлап өткерилген салтанатлы мәресимде шығып сөйлеген сөзи // «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2019. 8-март.

3. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.

4. Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халық. – Ташкент: Наврўз, 2017.

5. Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорының 100 томлығы – илим жаңалығы // «Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный

қәдириятлар системасында» атамасындағы халықаралық илимий конференция материаллары. – Нөкис, 2015.

6. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 88-100 Томлар. – Нөкис: Илим, 2015.